

Sètifikasyon Lojman Atis Vil Boston

Rekòmandasyon pou Sètifikasyon Lojman Atis

Kisa yon Sètifikasyon Atis ye?

Yon [Sètifikasyon Lojman Atis](#) se yon lèt ki soti nan Biwo Boza ak Kilti Majistra a. Korespondans la konfime ke atis la te aktif nan atelye atistik li pandan 3 lane ki sot pase yo. Yon Sètifikasyon Lojman Atis kalifye yon atis pou li ka elijib pou lojman atis pou abite/travay ak kèk espas travay nan Boston. Sètifikasyon Lojman Atis valab pou yon peryòd 8 tan. Aprè li ekspire, atis la ap bezwen re-aplike pou resevwa yon nouvo Sètifikasyon Lojman Atis. Biwo Lèza ak Kilti Majistra a kenbe yon lis tout espas nan Vil Boston, kèlkeswa si yo bezwen yon Sètifikasyon Atis ou pa. [Gade espas sa yo isit la](#). Biwo Lèza ak Kilti Majistra a pa kenbe yon lis datant pou espas sa yo epi li pakapab konfime kilè espas sa yo ka pral vin disponib.

Kimoun ki elijib pou yon Sètifikasyon Lojman Atis?

Aplikasyon yo dwe kapab montre yo gen yon seri travay resan (pandan 3 dènye ane yo) epi li dwe genyen omwen 18 tan. Nap konsidere atis ki nan domèn sa yo:

- Lèza Vizyèl: ki gen ladann penti, penti enprime, eskilpti, fotografi, boza konseptyèl, seramik, menwizri, achitekti/dizayn, lèzamedya, film ak nouvo medya.
- Lèza Teyat: ki gen ladan li dans, teyat ak mizik.
- Lèza Literè: ki gen la dan li fiksyon, non-fiksyon, pwoezi ak deklamasyon.
- Lèza miltidisiplinè

Si ou se yon atis komèsyal ki gen yon espas biwo pou fè travay ou epi/oswa ki travay pou yon konpayi olye pou w travay pou kont ou (pwopriyetè inik), nou bezwen echantyon atizana pèsònèl ou, pou travay atistik ou yo. Se menm bagay la tou pou atis ki anplwaye atan plen nan lòt sektè aktivite.

Kimoun ki rewè aplikasyon yo?

Manadjè Resous Atis ki nan Biwo Boza ak Kilti Majistra a rewè aplikasyon yo. Desizyon Manadjè Resous Atis la se li ki desizyon final. Si yon aplikasyon pasètifye pandan tou sa a, se paske yo patreyisi montre yo tap fè aktivman atizana pandan 3 ane ki sot pase yo nan aplikasyon yo a.

Yap rewè aplikasyon yo dapre kritè ki annapre yo.

- Prèy yon seri travay atizana (pandan 3 ane ki sot pase yo), ki endike sou yon *Curriculum Vitae* oswa CV ki liste dat ak ki kote ou te fè ekspozisyon, piblikasyon, pèfòmans, piblikasyon, atik nan laprès, rekonpans/pri, entèn, djòb ou te genyen nan sektè aktivite a lè sa a ak fòmasyon fòmèl, si sa aplikab.
- Dokimantasyon travay atizana (oubyen "echantiyon travay") ki gen ladann fichye imaj, video ak echantiyon ekriti. Fichye yo dwe gen dat sou yo oswa nou pap askepte yo.
- Yon lèt referans sipò ki soti nan men kolèg ak pwofesyonèl nan sektè lèza ki kapab konfime ou te aktif nan aktivite atizana ou pandan 3 lane ki sot pase yo.

Kilè yap aksepte aplikasyon?

Yo revwa aplikasyon pou Sètifikasyon Atis la chak de mwa. [Tanpri tcheke sit entènèt nou an pou wè kilè nou pral rewè aplikasyon yo.](#)

Kilè mwen pral konnen nan ki nivo aplikasyon mwen an ye?

Ou pral tande nan ki pwen aplikasyon ou an rive semèn ki vini apre nou fin rewè aplikasyon yo.

Kisa Sètifikasyon Otomatik ye?

Sètifikasyon otomatik se yon bagay yo bay atis yo ki te resevwa nenpòt nan pami pri ki annapre yo pandan 3 lane ki sot pase yo: pri Bous pou Atis Konsèy Kiltirèl Massachusetts (Massachusetts Cultural Council Artist Fellowship), pri Bous Fondasyon Frè Thomas Boston (The Boston Foundation Brother Thomas Fellowship), pri Bous pou Atis Konsèy Kiltirèl Boston (Boston Cultural Council Artist Fellowship) oubyen Pri Atis Emèjan Vil Boston (City of Boston Emerging Artist Award).

Pou resevwa yon sètifikasyon otomatik, tanpri make non ak enfòmasyon kontak ou nan aplikasyon Sètifikasyon Lojman Atis la epi telechaje korespondans pou bous la nan seksyon Echantiyon Travo a. Korespondans la dwe pwouve ou te resevwa pri a pandan 3 lane ki sot pase yo.

	Tanpri make non ou ak siyati w.
--	---------------------------------

Adrès *

Vil *

Eta *

Kòd Postal*

Nimewo Telefòn*

Imèl*

Disiplin atistik prensipal *

- Lèza Vizyèl (penti, gravi, eskilpti, fotografi, lèza konseptyèl, seramik, menwizri, film ak lèza vizyèl miltidisiplinè)
- Teyat (dans, teyat ak mizik)
- Lèza Literè (fiksyon, non-fiksyon, poweziak mo parle)
- Lèza Medyatik
- Achitekti /Desen

CV Atis *

Kalite fichye ki akseptab yo: pdf, doc, docx, txt, rtf, wpf, odt, wpd.	CV a dwe gen ladann prèv dat yon seri travay ki te reyalize pandan TWA (3) LANE ki sot pase yo grasa: -dat ak adrès ekspozisyon an gwoup oubyen endividyèl -piblikasyon -pèfòmans -atik laprès -pri ak sibvansyon -entèna -djòb ou te genyen nan sektè domèn atistik ak -fòmasyon atistik nan lèza, si sa aplikab. Okenn fichye poko kopye.
--	---

Echantiyon Travay *

Kalite fichye ki akseptab yo: pdf, doc, docx, txt, rtf, jpg, jpeg, gif, mp3, mp4, m4a, tif, tiff, png, wpf, odt, wav, mov,	Telechaje yon total 10 echantiyon travay. ECHANTIYON TRAVO YO DWE GEN DAT SINON NOU PAP AKSEPTE
--	---

wpd, avi, mpg, 3gp, flv, webm, psd, ai, wmv, eps, ogg, aac, flac, aiff, wma, mkv, ibooks, iba, tex, bbl, ltx, m4v, svg, fdx.	YO. Echantiyon travay yo dwe te fèt pandan 3 lane ki sot pase yo. Chwazi jiska 10 fichye pou kopye. Okenn fichye poko kopye.
--	--

Lèt Referans (mete imèl sèlman) *

	Yon lèt referans nesesè. Tanpri chwazi yon referans nan men yon moun ki konnen travay atistik ou yo byen. Kopye imèl moun ou bay kom referans ou yo. Moun ou bay kòm referans ou a pral resevwa yon imèl ki gen yon lyen pou telechaje yon lèt referans. Kontakte moun ou bay kòm referans la pou asire w yo resevwa demand lèt la.
--	---

Pou kisa ou bezwen yon espas pou abite/travay pou atis?*

	Tanpri esplike poukisa ou bezwen yon espas pou atis.
--	--

Èske wap aplike pou re-sètifikasyon? *

- Wi
- Non

Nou bezwen ou ranpli sondaj sa a rapid-rapid konsènan bezwen ou pou jwenn espas wap chache a avan ou soumèt aplikasyon sa a. Se sèlman aplikan ki te ranpli sondaj sa a ki pral konsidere pou Sètifikasyon Atis la. Mèsi!

Genyon kantite trè limite espas lojman pou viv/travay ak espas pou travay pou atis yo. Si yo apwouve demand ou an, nou espere wap konsidere pwogram sa a anplis de lòt pwogram ak resous ki liste nan paj entènèt la ki rele "[Jwenn yon Espas an tan ke Atis nan Boston](#)" (FindSpace as an Artist in Boston).